



Pou Piblikasyon Imedya: 12/10/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEKLARE ETA DIJANS PANDAN TANPÈT KÒTYÈ  
KONTINYÈL LA**

*Yo deklare eta dijans nan Konte Bronx, Kings, Nassau, Nouyòk, Queens,  
Richmond, Suffolk ak Konte Westchester*

*Yo pibliye yon alèt inondasyon kotyè pou Long Island, Vil Nouyòk ak Sid Konte  
Westchester apati midi dimanch jiska 8è nan lendi swa; inondasyon kotyè  
modere pou rive nan majè posib sou kot sid Long Island ak Bè Jamaica*

*Gen yon alèt gwo van an vigè pou lès konte Suffolk apati midi dimanch jiska 6  
p.m. lendi; avètisman pou van an vigè pou rès Long Island, Vil Nouyòk ak sid  
konte Westchester; MTA pral aplike entèdiksyon sou traktè-remòk ak kamyon  
tandem vid sou sèt pon li yo apati 3 p.m. dimanch*

*yo prevwa 4-8 cm lapli nan sid eta a*

*Konpayi sèvis piblik yo ajoute plis pase 1,600 travayè nan rejyon Mid-Hudson, Vil  
Nouyòk ak Long Island; 7,100 travayè disponib kounye a nan tout eta a*

Gouvènè Kathy Hochul deklare eta dijans jodi a pou uit konte nan sid Nouyòk apre li fin ankouraje Nouyòkè yo pou yo kontinye prepare yo paske yon gwo tanpèt kotyè pral afekte yon gwo pati nan Nouyòkè apati dimanch apremidi. Eta Dijans lan gen ladan l konte Bronx, Kings, Nassau, Nouyòk, Queens, Richmond, Suffolk ak Westchester ansanm ak konte ki vwazen ak uit konte sa yo. Eta Nouyòk ap travay an kowòdinasyon sere avèk tout patnè konte ak vil yo sou preparasyon pou tanpèt la, tankou Vil Nouyòk. Tanpèt la te vin pi fò pandan l ap monte nan kòt mitan Atlantik la nan direksyon sid New England, epi yo prevwa li pral lakòz inondasyon kotyè modere rive nan majè toupatou nan Sid Nouyòk, ansanm ak gwo van ak lapli k ap dire lontan nan rejyon an. Kòm repons, konpayi sèvis piblik yo te ajoute plis pase 1,600 travayè nan tout rejyon Mid-Hudson, Vil Nouyòk ak Long Island pou sipòte operasyon repons apre tanpèt yo.

"Pandan tanpèt Nòdès la ap kontinye fè wout li nan Nouyòk, m ap deklare yon Eta Dijans nan tout awondisman ak konte ki pi afekte pa tanpèt la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sekirite Nouyòkè yo se pi gwo priyorite mwen, epi mwen kontinye mande pou yo fè anpil atansyon jiskaske tanpèt la fin pase nan eta a."

Gouvènè Hochul te kòmanse avèti Nouyòkè yo sou tanpèt sa a ak enpak li yo pi bonè nan semèn nan epi li kontinye ankouraje Nouyòkè yo pou yo siveye previzyon lokal yo, prepare kay yo kòmsadwa epi evite vwayaje nan zòn ki afekte yo wikenn sa a. Anplwaye Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) Eta Nouyòk la te an kominikasyon ak konpayi sèvis piblik elektrik yo ki gen teritwa sèvis nan zòn yo prevwa ki pral afekte pa evènman nòdès wikenn sa a. Con Edison, Orange ak Rockland, PSEG Long Island, Central Hudson Gas and Electric, ak NYSEG tout ap siveye aktivman previzyon yo epi ap prepare pou enpak potansyèl sou teritwa sèvis respektif yo.

Preparasyon pou sèvis piblik yo te gen ladan yo mennen 1,618 travayè anplis, aktivasyon Kòmandman Ensidan respektif yo, òganize ekipman, fè apèl sòtan bay kliyan Ekipman Sivi (Life Support Equipment, LSE) ak kliyan etablisman kritik nan zòn yo prevwa ki pral resevwa plis enpak yo, ansanm ak rele otorite minisipal yo. Ekip sèvis piblik yo pare pou travay pandan lannwit lan pou reponn kote ki an sekirite pou fè sa. Tout konpayi sèvis piblik yo ap kontinye siveye previzyon yo epi y ap fè ajisteman resous yo an akò avèk plan ijans ki deja egziste yo.

Sèvis piblik yo genyen apeprè 7,118 travayè disponib nan tout eta a pou angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvansyon, reparasyon ak restorasyon atravè Eta Nouyòk, jan sa nesèsè. Sa gen ladan l adisyon plis pase 1,600 travayè depi vandredi, avèk ConEd, Orange ak Rockland ki ajoute 900 travayè, PSEG LI ki ajoute 520, NYSEG ki ajoute 198 travayè, epi Central Hudson ki ajoute 44 travayè. Pèsonèl depatman an ap swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi sire sèvis piblik yo voye anplwaye apwopriye yo nan rejyon ki gen pi gwo enpak yo.

Menas inondasyon kotyè a ogmante pandan tanpèt la ap monte sou kot la e Sèvis Metewolojik Nasyonal (National Weather Service, NWS) la kounye a gen Alèt Inondasyon Kotyè an plas pou Long Island, Vil Nouyòk ak Sid Konte Westchester apati midi dimanch jiska 8è nan lendi swa. Previzyon yo anonse inondasyon kotyè modere rive nan majè pou bè kot sid konte Nassau ak sidwès konte Suffolk pandan peryòd mare montan yo jiska lendi. Inondasyon kotyè ki varye ant minè ak modere rete yon menas pou rès litoral la, ak posiblite pou ewozyon pil sab ak debòdman lokalize sou plaj Oseyan Atlantik yo.

Yo prevwa gwo van ap yon gwo danje tou pandan tout dire tanpèt la. Sèvis Meteyowolojik Nasyonal la te pibliye yon Alèt kont Gwo Van pou yon gwo pati nan Konte Suffolk apati midi dimanch jiska 6 p.m. nan lendi, avèk yon Alèt kont Van an plas pou rès Long Island, Vil Nouyòk ak Sid Konte Westchester. Pandan peryòd sa a, rafal van ki rive jiska 96 km (60 mil) pa èdtan alè posib e sa ka lakòz pyebwa tonbe ak blakawout posib. Akòz kondisyon van fò yo prevwa, Pon ak Tinèl MTA yo pral aplike yon entèdiksyon sou traktè remòk vid ak kamyon tandem (piggyback, doub, trip, elatriye) sou sèt pon li yo apati 3:00 p.m. dimanch. Dapre previzyon aktyèl la ak dire jeneral evènman move tan sa a, yo prevwa ke entèdiksyon sa a pral an plas jiska 6:00 a.m. nan lendi.

Meteyowolojis yo ap anonse tou lapli ki pral dire lontan pandan tanpèt sa a, lapli ki pi entans lan pral konsantre nan sid eta a kote yo prevwa ant 4-8 cm (1.5-3 pous) lapli nan rejyon sid Mid-Hudson, Vil Nouyòk ak Long Island, epi li posib pou gen ti inondasyon akòz move drenaj. Yo prevwa rejyon nò Mid-Hudson ak rejyon sid Kapital la ap resevwa ant yon pous ak 3.8 cm (1.5 pous) lapli, alòske rès eta a ta dwe resevwa 2.5 cm (1 pous) oswa mwens. Lapli a gen potansyèl pou lakòz inondasyon nan zòn iben ki gen move drenaj pandan tout dimanch ak jis lendi.

Nou ankouraje Nouyòkè yo swiv previzyon lokal, alèt meteyo ak avètisman yo. Li enpòtan pou asire ke alèt ijans gouvènman an aktive sou telefòn mobil yo. Nouyòkè yo ka enskri tou pou resevwa mesaj tèks sou meteyo ak alèt ijans an tan reyèl sou telefòn yo lè yo voye non konte oswa distri yo nan nimewo 333111. Pou kapab jwenn yon lis konplè alèt yo, vizite sit entènèt Sèvis Meteyowolojik Nasyonal (National Weather Service) la nan [alerts.weather.gov](https://alerts.weather.gov).

## Lòt konsèy sekirite

### Blakawout yo:

- Tcheke konpayi sèvis piblik ou a pou ou ka konnen orè reparasyon nan zòn nan.
- Si yo pran kouran, etenn oswa deploge limyè ak aparèy menaje pou ou ka evite yon sichaj kouran lè yo repare sèvis la: kite yon limyè limen pou endike lè yo te retabli kouran.
- Si chalè a ale pandan yon tanpèt ivènal, kenbe kay la cho lè w fèmen chanm ou pa bezwen yo.

### Pou rapòte yon blakawout, rele:

- Central Hudson: [800-527-2714](tel:800-527-2714)
- Con Edison: [800-752-6633](tel:800-752-6633)
- National Grid: [800-867-5222](tel:800-867-5222)
- NYSEG: [800-572-1131](tel:800-572-1131)
- O&R: [877-434-4100](tel:877-434-4100)
- PSEG-LI: [800-490-0075](tel:800-490-0075)
- RG&E: [800-743-1701](tel:800-743-1701)

### Sekirite kont Inondasyon:

- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Devlope epi pratike yon plan "evakyasyon fanmi" epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
- Fè yon lis detaye tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt objè pèsònèl. Kenbe lis la nan yon kote ki an sekirite epi konsidere kenbe dokiman foto ak videyo.
- Fè rezèv estòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Sere dlo potab nan veso pwòp ki byen fèmen.
- Planifye sa w ap fè ak bèt ou gen nan kay la.

- Kenbe yon radyo pòtab, flach, batri anplis ak ekipman ijans pou fè manje sou men.
- Toujou gen gaz nan machin ou. Si kouran elektrik la koupe, estasyon gazolin ka p ap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti pwovizyon nan kòf machin ou sizoka ta gen katastwòf.
- Chache konnen konbyen pye pwopriyete w la mezire anlè ak anba nivo inondasyon posib yo. Lè yo fè w konnen nivo inondasyon yo prevwa, ou ka wè si ou gen risk pou inonde.
- Kenbe materyèl tankou sak sab, playwoud, fèy plastik ak bwa sou lamèn pou rezistans nan dlo nan sitiyan ijans.
- Tcheke kouvèti asirans ou. Anjeneral polis asirans pwopriyete kay pa kouvri dega inondasyon. Sèl asirans inondasyon ka pwoteje kay ou kont dega inondasyon. Ou kapab achte asirans inondasyon kèlkeswa kote ou rete, menm si se pa yon zòn inondasyon.

Pou w jwenn yon lis konplè kondisyon meteyo ak lide pou preparasyon anvan, pandan ak apre yon inondasyon, ale nan sit entènèt Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo nan <https://www.dhses.ny.gov/flood>.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)